

TOUAZIÈM PATI

Lavi nan Kris-la

DÉZIÈM SÉKSION

Dis kòmandman-yo

« Mèt, ki sa pou-m fè... ? »

- 2052 « Mèt, ki sa pou-m fè ki bon pou-m gin lavi tout tan-an ? ». Pou jénòm ki té pozé-l késion-an, Jézu réponn toudabò yon fason katégorik antan-l fè-l ouè nésésité pou-l rékonèt Bondié tankou « yon sèl ki Bon-an », tankou Byin ki dépasé tout lòt épi tankou sous tout byin. Apré sa Jézu déklaré : « Si-ou vlé antré nan lavi-a, obsèvé kòmandman yo ». Épi li fè
- 1858 moun k-ap palé avèk li-a sonjé kòmandman ki konsènè rinmin pou prochin-an : « Pa touyé moun, pa fè adiltè, pa vòlè, pa fè fo-témouagnaj, onoré papa-ou ak manman-ou ». Anfin, Jézu rézimité kòmandman sa-yo yon fason pozitif : « Rinmin prochin-ou tankou ou-minm » (Mt 19, 16-19).
- 2053 Sou premié répons sa-a, yon dézièm vîn ajouté : « Si-ou vlé vîn kòrèk nèt, alé, vann sa-ou ginyin, bay pòv-yo, ou-ap gin yon trézò nan sièl-yo ; épi vini, suiv mouin » (Mt 19, 21). Li pa éliminé premié-a. Suiv Kris-la gin akonplisman kòmandman-yo ladan-l. Li pa aboli Laloua-a (cf. Mt 5, 17), min li invité moun-nan dékouvri laloua-a nan Mèt li-a an pèrsòn, ki akonpli-l ala pèfeksion. Nan toua Évanjil sinoptik-yo, apèl Jézu fè jénòm rich-la, pou-l suiv-li kòm disip gras a obéyisans-la épi obsèvans kòmandman-yo, apèl sa-a toupré apèl pou viv pòv épi viv byin réglé nan séksualité-a (cf. Mt 19, 6-12. 21. 23-29). Yo pa kapab séparé konsèy évanjélik-yo ak kòmandman-yo.
- 1968
- 1973
- 2054 Jézu réprann dis kòmandman-yo, min li manifésté fòs Éspri-a k-ap travay nan lèt ki ékri-yo ; li té préché jistis ki dépasé pa skrib-yo ak Farizyin-yo (Mt 5, 20) tankou pa lòt nasion ki payin-yo tou (cf. Mt 5, 46-47). Li déplouayé égzijans tout kòmandman-yo : « Nou té tandé yo té di ansyin-yo : Pa touyé [...]. Mouin minm mouin di nou : Tout moun ki fè kòlè kont frè-l, li mérité jijman » (Mt 5, 21-22).
- 581
- 2055 Lè yo té pozé-l késion : « Kilès ki gran kòmandman-an nan Laloua-a ? » (Mt 22, 36), Jézu réponn : « Sé pou-ou rinmin Granmèt Bondié-ou la
- 129

ak tout kè-ou, ak tout nanm ou, ak tout éspri-ou : Sa-a sé gran kòmandman-an, sé premié-a. Dézièm-nan minm sanblé avèk sa-a : Sé pou-ou rinmin prochin-ou nan tankou pròp tèt ou. Nan dé kòmandman sa-yo tout Laloua-a pandié ansanm ak Profèt-yo » (Mt 22, 37-40 ; cf. Dt 6, 5 ; Lv 19, 18). Dékalòg-la (dis kòmandman-yo) sé pou yo intèprété-l nan limiè doub kòmandman charité-a ki fè yon sèl é ki réalizé Laloua-a an plin :

« Réyéلمان : Pa fè adiltè, Pa touyé, Pa vòlè, Pa fè fo-témouagnaj, Pa fè anbision, épi lòt sa yo kòmandé, sé nan paròl sa-a li jouinn fondman-l : Sé pou-ou rinmin prochin-ou tankou ou-minm. Rinmin prochin-an pa fè sa-k mal ; akonplisman laloua-a konsa sé rinmin-an » (Rm 13, 9-10).

Dékalòg-la nan Sint-Ékritu-a

2056 Mo « Dékalòg »-la vlé di literalman « dis paròl » (Ex 34, 28 ; Dt 4, 13 ; 10, 4). Bondié té révéle « dis paròl » sa-yo bay pèp li-a sou mòn ki
700 sin-an. Li té ékri yo « ak Douèt-li » (Ex 31, 18 ; Dt 5, 22), kontrèman ak
62 lòt kòmandman-yo Moyiz té ékri-a (cf. Dt 31, 9. 24). Yo sé paròl Bondié nan yon sans paréksélans. Yo transmèt yo ba nou nan liv Égzòd-la (cf. Ex 20, 1-17) ak nan liv Détéronòm-nan (cf. Dt 5, 6-22). Dépi Ansyin Téstaman-an, Liv ki sin-yo fè référans a « dis paròl-yo » (cf. parégzanp Os 4, 2 ; Jr 7, 9 ; Ez 18, 5-9). Min sé nan Nouvo Téstaman-an nan Jézu signifikasyon-yo pral révéle anplin.

2057 Yo konprann Dékalòg-la toudabò nan kontèks Égzòd-la ki gran
2084 évenman libérasion Bondié fè, nan mitan Ansyin Alians-la. « Dis paròl-yo », kit yo fòmulé kòm kòmandman négatif, intèdiksyon, kit sé kòm kòmandman pozitif (tankou « Onoré papa-ou ak manman-ou »), y-ap indiké kondision pou yon lavi ki libéré anba ésklavaj péché-a. Dékalòg-la sé chémin lavi :

2170 « Si [...] ou rinmin Granmèt Bondié-ou la, pou-ou maché nan chémin-l yo, pou-ou kinbé kòmandman-l yo ak sérémoni-yo, ak jijman-yo, ou-ap viv : konsa l-ap fè-ou vîn anpil » (Dt 30, 14).

Fòs libérasion Dékalòg sa-a parèt parégzanp nan kòmandman répo saba-a, ki déstiné minm jan-an pou étranjé-yo ak ésklav-yo :

« Sonjé ou-minm tou ou té ésklav nan Éjip, Granmèt Bondié-ou la té ouété-ou sot la ak min ki gin fòs, ak bra-l ki drésé » (Dt 5, 15).

2058 « Dis paròl-yo » rézime épi proklamé Laloua Bondié-a : « Paròl sa-yo,
1962 Granmèt la té déklaré yo bay tout kominoté-ou la sou mòn-nan, nan mitan difé-a, nuaj-la, gro nuaj noua-a, gran voua-a, antan-l pa-t ajouté pi plis ; li té ékri yo sou dé tab ròch yo, sa-l té rinmèt-yo ban mouin » (Dt 5, 22). Sé poutèt sa, yo rélé dé tab sa-yo « Témouagnaj » (Ex 25, 16). Nan yo minm réyéلمان gin kondision Alians-la ki fèt ant Bondié ak pèp li-a. « Tab

témouagnaj » sa-yo (Ex 31, 18 ; 32, 15 ; 34, 29) yo té doué dépozé yo nan « arch »-la (kòf kontra-a) (Ex 25, 16 ; 40, 1-2).

2059 « Dis paròl-yo » Bondié palé yo nan yon “téofani” (aparision Bondié)
707 (« Sé fas a fas Granmèt la té palé avèk nou nan mòn nan, nan mitan difé-
a » : Dt 5, 4). Yo fè pati Révélation Bondié fè osijè li-minm ak osijè gloua
2823 li-a. Kado kòmandman-yo sé kado Bondié li-minm épitou kado sint
volonté-l la. Antan-l fè konnin volonté-l yo, Bondié révéle prèt tèt-li bay
pèp li-a.

2060 Kado kòmandman-yo ak Laloua-a fè pati Alians-la Bondié signin ak
pèp li-a. Dapré liv Égzòd-la, révélation « dis paròl-yo » fèt ant
prézantasion Alians-la (cf. Ex 19) épi konklizion-l (cf. Ex 24), – apré pèp-
la té angajé-l pou-l « fè » tout sa Granmèt-la t-a di épi pou-l « obéyi »-l
(Ex 24, 7). Yo pa janm transmèt Dékalòg-la si sé pa apré yo fin fè sonjé
62 Alians-la (« Granmèt Bondié nou-an té pasé yon aliens avèk nou nan
Orèb » : Dt 5, 2).

2061 Sé anndan Alians-la kòmandman-yo résévoua signifikasion yo anplin.
Dapré Sint-Ékritu-a, konpòtman moral moun-nan pran tout signifikasion-l
nan Alians-la épi palintèmediè Alians-la. Prèmié nan « dis paròl-yo » ap
fè sonjé rinmin Bondié gin pou pèp li-a :

2086 « Épi kòm poutèt chatiman péché-a té gin yon pasaj sot nan paradi libèté-a
vîn nan ésklavaj tè sa-a, sé sa-k fè prémié paròl Dékalòg-la, sètadi prémié
mo kòmandman Bondié-yo sé osijè libèté-a antan-l di : « Sé mouin minm
Granmèt Bondié-ou la ki té fè-ou soti nan tè Éjip-la, sot nan kay ésklavaj-
la » (Ex 20, 2 ; Dt 5, 6) (Origène, hom. in Ex. 8, 1).

2062 Nan yon sans strikt kòmandman-yo vini nan dézièm plas ; yo éksprimé
inplikasion kondision pou rapò ak Bondié palintèmediè Alians ki établi-a.
142 Égzistans moral-la sé *répons* yo bay inisiativ Bondié ki plin rinmin-an. Sé
2002 rékonésans, obéyisans pou Bondié épi sèvis aksion-d-gras. Sé koopéré ak
projè Bondié ap kontinué fè nan istoua-a.

2063 Alians-la épi dialòg ant Bondié ak moun-nan jouinn yon témouagnaj
tou poutèt tout dévoua-yo sé nan prémié pèrson-nan yo éksprimé yo
(« Mouin sé Granmèt-la... ») épi yo dirijé bay yon lòt sijè (« Ou... »).
878 Nan tout kòmandman Bondié-yo, gin yon pronon pèsonèl o *singilié* ki
dézigné moun y-ap bay li-a. Ansanm ak tout pèp-la, sé chak moun an
patikilié Bondié fè konnin volonté-l :

« Li té bay lòd rinmin pou Bondié-a épitou li té montré sa-k jistis parapò a
prochin-an, pou moun-nan pa-t ni injis ni indign pou Bondié, antan-l préparé
moun-nan palintèmediè Dékalòg-la pou-l zanmi-l épi pou-l gin bon akò ak
prochin-an [...]. Épi sé sa-k fè minm jan-an tou [paròl Dékalòg-yo] kontinué
reté lakay nou-minm [krétyin-yo], antan yo résévoua ékstansyon ak
kouasans, min pa déstriksion, poutèt Avènman Granmèt-la nan chè-a » (S.
Irénee, hær. 4, 16, 3-4).

Dékalòg-la nan Tradision l'Égliz-la

- 2064 Tradision l'Égliz-la, nan fidéлитé ak Sint-Ékritu-a épi dapré égzanp Jézu, té rékonèt inpòtans Dékalòg-la épi premié plas signifikasyon-l ginyin-an.
- 2065 Dépi sint Ogustin, « dis kòmandman-yo » té vîn gin yon gran plas nan katéchèz moun ki t-apral résévoua batèm-yo. Nan kinzièm sièk-la yo kòmansé abitud éksprimé Dékalòg-la ak fòmul ki gin minm kadans épi ki pozitif yon fason pou mémoua-a kapab rétni yo pi fasil. Jous jodi-a yo anplouayé fòmul sa-yo. Anpil foua, katéchism l'Égliz-la té ékspozé ansègnman moral krétyin-an dapré lòd « dis kòmandman-yo ».
- 2066 Té gin variasyon nan répatision ak numérotasyon kòmandman-yo nan déroulman istoua-a. Nan katéchism sa-a yo suiv répatision kòmandman-yo sint Ogustin té établi-a épi ki té vîn tradisionèl nan l'Égliz katolik-la. Sé minm sa-a tou pou kominoté lutéryin-yo. Pèr Grèk-yo té fè yon répatision ki yon ti kras diféran, si li yo jouinn nan Égliz òtodòks-yo ak kominoté réfòmé-yo.
- 2067 Dis kòmandman-yo déklaré égzijans rinmin pou Bondié ak pou
1853 prochain-an. Toua premié yo gin rapò ak rinmin pou Bondié-a pi plis épi lòt sèt-yo ak rinmin pou prochain-an.
- « Réyéلمان, kòm sé dé kòmandman rinmin koté tout Laloua-a ak Profèt-yo pandié jan Granmèt-la di-a, [...] konsa tou dis kòmandman-yo sé nan dé tab yo té bay yo. Yo di toua té ékri sou yon tab épi sèt sou lòt-la » (S. Augustin, serm. 33, 2, 2 : PL 38, 208).
- 2068 Konsil Trant-la anségné dis kòmandman-yo sé obligasyon pou krétyin-
1993 yo ak moun ki jistifié-a (ki vîn kòrèk-la nan jistis rouayòm-nan) ki toujou gin pou-l kinbé-yo (cf. DS 1569-1570). Konsil Vatikan II-a déklaré :
888 « Évèk-yo, poutèt yo sé siksésè Apot-yo, yo résévoua mision nan min Granmèt-la [...] pou yo anségné tout nasion-yo épi préché Évanjil-la bay tout kréati, pou tout moun-yo, rivé sové palintèmediè lafoua-a, Batèm-nan ak akonplisman kòmandman-yo » (LG 24).

Dékalòg-la fè yon sèl

- 2069 Dékalòg-la fòmé yon totalité yo pa kapab séparé. Chak « paròl »,
2534 ranvouayé youn bay lòt épi bay tout ; youn kondisioné lòt. Dé tab-yo kléré youn lòt ; yo fòmé yon sèl réalité òganizé. Dézobéyi yon kòmandman sé krazé tout lòt-yo (cf. Jc 2, 10-11). Yo pa kapab onoré yon moun san fè konpliman pou Kréatè-l la. Yo pa kapab adoré Bondié san yo pa rinmin tout moun-yo li kréyé-a. Dékalòg-la fè lavi téologal ak lavi sosial moun-nan fè yon sèl.

Dékalòg-la épi laloua natirèl-la

2070 Dis kòmandman-yo fè pati Révélation Bondié-a. An minm tan yo
1955 anségné nou sa-k fè moun-nan moun tout bon. Yo fè ouè dévoua ésansiyèl épi poutèt sa tou, indirèktéman, doua fondamantal ki fè pati sa moun-nan yé kòm moun. Dékalòg-la gin yon bèl ékspresion « laloua natirèl »-la ladan-l :

« Réyéman toudabò Bondié t-ap avèti moun-yo palintèmediè kòmandman natirèl li té déjà fikse nan moun-nan, sètadi palintèmediè Dékalòg-la – sa si yon moun pa fè-yo, li pap sovè-a –, épi li pa-t mandé yo anyin an plis » (S. Irénée, hær. 4, 15, 1).

2071 Minm si yo kapab rivé jouinn kòmandman Dékalòg-yo ak rézon-an
1960 sèlman, yo té révélé yo. Pou-l kapab rivé gin yon konésans ki konplè épi ki asiré parapò a égzijans laloua natirèl-la, ras moun-nan ki péchè té bézouin révélation sa-a :

« Réyéman sa té konvna pou gin yon éksplikasyon kòmandman Dékalòg-yo ki anplin an fonksion éta péché-a poutèt limiyè rézon-an ki nan fènoua épi poutèt volonté-a ki dévié » (S. Bonaventure, sent. 4, 37, 1, 3).

1777 Nou vîn konnin kòmandman Bondié-yo palintèmediè Révélation Bondié-a l'Égliz-la propozé nou-an, épi palintèmediè voua konsians moral-la.

Obligasion Dékalòg-la

2072 Kòm dis kòmandman-yo ékspriyé dévoua fondamantal moun-nan
1858 aléga Bondié ak prochin-an, yo révélé yon obligasion ki *grav* nan sa ki vîn
1958 an premié nan yo. Fondamantalman yo pa kapab chanjé épi obligasion yo valab tout tan, tout koté. Pèsonn pa kapab ralé kò-l sot anba yo. Bondié inskri dis kòmandman-yo nan kè moun-nan.

2073 Obéyisans aléga kòmandman-yo inpliké kèk obligasion nan domèn ki
pa grav nan yo-minm. Konsa sinkiyèm kòmandman-an intèdi mank jistis nan paròl-la (jouman ak paròl-yo), min sa pa kapab yon fot ki koupab grav si sé pa poutèt sikonstans-yo oubyin intansyon moun ki di-l la.

« San mouin nou pa kapab fè anyin »

2074 Jézu di : « Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch-yo ; moun ki rét nan
2732 mouin, épi mouin-minm nan li, moun sa-a donnin anpil frui, paské san mouin-minm nou pa kapab fè anyin » (Jn 15, 5). Frui y-ap fè sonjé nan paròl sa-a sé yon lavi ki sin k-ap donnin frui poutèt li fè youn ak Kris-la. Lè nou kouè nan Jézu-Kri, nou fè youn ak mistè li-a épi nou kinbé

521 kòmandman-l yo, sé Sovè-a minm ki vini nan nou pou-l rinmin Papa-l ak frè-l yo, Papa-nou ak frè-nou-yo. Poutèt Éspri-a, sé li-minm an pèrson ki tounin règ vivan konpòtman-nou sou paranndan. « Sa-a sé kòmandman-m nan, sé pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an » (Jn 15, 12).

RÉZIMÉ

- 2075 « *Ki sa pou-m fè ki bon pou-m gin lavi tout tan-an ? – Si-ou vlé antré nan lavi-a, obsèvé kòmandman-yo* » (Mt 19, 16-17).
- 2076 *Nan fason li aji ak nan prédikasyon-l, Jézu témouagné Dékalòg-la kontinué valab.*
- 2077 *Kado Dékalòg-la fèt anndan Alians Bondié fè avèk pèp li-a. Sé anndan Alians sa-a épi gras a Alians sa-a Kòmandman Bondié-yo résévoua vrè signifkasyon yo-a.*
- 2078 *Tradision l'Égliz-la, nan fidélté ak Sint-Ékritu-a épi dapré égzanp Jézu, té rékonèt inpòtans Dékalòg-la épi premié plas signifkasyon-l ginyin-an.*
- 2079 *Dékalòg-la fòmé yon sèl réalité òganizé koté chak « paròl » oubyin « kòmandman », ranvouyé bay tout ansanm. Dézobéyi yon kòmandman sé krazé tout Laloua-a (cf. Jc 2, 10-11).*
- 2080 *Nan dékalòg-la gin yon bèl ékspréssion laloua natirèl-la. Sé palintèmediè Révélation Bondié-a épi palintèmediè rézon moun-nan nou rivé konnin-l.*
- 2081 *Dis kòmandman-yo nan sa ki vîn an premié nan yo, éksprimé obligasyon ki grav. Poutan obéyisans aléga kòmandman-yo inpliké kèk obligasyon nan domèn ki pa grav nan yo-minm.*
- 2082 *Sa Bondié kòmandé, li fè-l vîn posib palintèmediè gras li-a.*